

Kijan Mwen Ka Konnen Si Mwen Ta Dwe Mande yon Revizyon sou Dosye?

- Èske ou te revize egzanp ki anba yo?
- Èske ou te diskite sou enkyetid ou yo ak travayè Asistans Tanporè (Temporary Assistance, TA) ou a?

Si ou te reponn "wi" pou tou de sa ki anwo yo epi ou toujou gen kesyon sou peman tranzitwa ou oswa sou peman sipò eksedantè kimilatif ou, lè sa a ou ta dwe mande yon revizyon sou dosye.

Egzanp

Peman Tranzitwa yo

Egzanp 1: Joey Johnson gen yon timoun ki poko gen 21 an sou ka TA li a. Joey gen yon òdonans pansyon ki peyab atravè Inite Koleksyon Pansyon Alimantè (Support Collection Unit, SCU) a ki egzije paran ki pa gadyen pou peye yon obligasyon pansyon aktyèl ki se 250 pa mwa. Paran ki pa gadyen an te peye 250 dola total pou mwa a. Kay Joey gen dwa ak yon peman **tranzitwa 100 dola**.

Egzanp 2: Paran ki pa gadyen timoun Joey Johnson lan (gade egzanp 1 an) tonbe nan moman difisil epi li peye sèlman 75 pansyon aktyèl pou mwa a. Paske tranzitwa a pa ka pi plis pase koleksyon pansyon aktyèl chak mwa a, fwaye Joey gen dwa ak yon peman **tranzitwa 75 dola**.

Egzanp 3: Paran ki pa gadyen timoun Joey Johnson lan (gade egzanp 1 an) kontinye ap rankontre difikilte finansyè epi kidonk pa peye anyen (0 dola) sipò pou mwa a. Paske pa gen okenn pansyon aktyèl yo te kolekte pandan mwa a, kay Joey a **pa gen dwa ak yon peman tranzitwa**.

Egzanp 4: Corey Davis gen yon ka TA ki gen ladan de timoun ki poko gen 21 ane. Timoun yo gen menm paran ki pa gadyen. Corey gen yon òdonans pansyon ki peyab atravè Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a ki egzije paran ki pa gadyen pou peye yon obligasyon pansyon aktyèl ki se 300 dola pa mwa. Paran ki pa gadyen an te peye 300 dola total pou mwa a. Kay Corey gen dwa ak yon peman **tranzitwa 200 dola**.

Egzanp 5: Mary Martin gen de timoun ki poko gen 21 ane nan ka TA li a. Timoun yo gen paran ki pa gadyen ki diferan. Gen de òdonas pou sipò ki peyab nan Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a ak de kont pansyon pou timoun. Sou kont premye pitit la, yo kolekte 100 dola pou mwa a. Sou kont dezyèm pitit la, yo kolekte 25 dola pou mwa a. Paske tranzitwa a pa ka pi plis pase koleksyon pansyon aktyèl la chak mwa, kay Mary gen dwa ak yon peman **tranzitwa 125 dola**.

Egzanp 6: Samir Sabri gen de timoun ki poko gen 21 an nan ka TA li a. Timoun yo gen paran ki pa gadyen ki diferan. Gen de òdonas pou sipò ki peyab nan Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a ak de kont pansyon pou timoun. Sou kont premye pitit la, yo kolekte 300 dola pou mwa a. Sou kont dezyèm pitit la, yo kolekte 0 dola pou mwa a. Kay Samir gen dwa ak yon peman **tranzitwa 200 dola**.

Egzanp 7: Dylan Smith gen yon ka TA ki gen ladan de timoun ki poko gen 21 ane. Timoun yo gen paran ki pa gadyen ki diferan. Gen de òdonas pou sipò ki peyab nan Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a ak de kont pansyon pou timoun. Sou kont premye pitit la, yo kolekte 150 dola pou mwa a. Sou kont dezyèm pitit la, yo kolekte 100 dola pou mwa a. Kay Dylan gen dwa ak yon peman **tranzitwa 200 dola**.

Egzanp 8: Laura Sato gen yon ka TA ki gen ladan de timoun ki poko gen 21 ane. Timoun yo gen paran ki pa gadyen ki diferan. Gen yon òdonas pou sipò ki peyab nan Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a ak yon kont pansyon pou timoun. Paran ki pa gadyen an egzije peye yon obligasyon pansyon aktyèl 400 dola pa mwa epi peye 400 dola total pou mwa a. Kay Laura gen dwa ak yon peman **tranzitwa 200 dola**.

Peman Sipò Eksedantè Kimilatif yo

Egzanp 1: Kay Dakota Taylor pa elijib ankò pou TA. Asistans total ki pa ranbouse pou tout peryòd kote fanmi an te resevwa TA se 7,200 dola. Dakota ap resevwa sèlman yon peman sipò eksedantè si yo te kolekte plis pase 7,200 dola kòm sipò (**oswa atravè lòt metòd rekonpans tankou konpansasyon lotri oswa rekiperasyon privilèj**). Paske montan total koleksyon pansyon yo bay yo se 7,500 dola, fanmi Dakota gen dwa a yon **peman sipò eksedantè Kimilatif ki se 300 dola**.

Egzanp 2: Kay Kai Green pa elijib ankò pou TA. Asistans total ki pa ranbouse pou tout peryòd kote fanmi an te resevwa TA se 10,200 dola. Nan kantite lajan sa a, yo **te peye mèt kay Kai la** 9,000 dola epi yo te bay 1,200 dola dirèkteman nan kay Kai la. Kantite total koleksyon pansyon yo bay yo se 9,500 dola. Kay Kai a **pa gen dwa** ak okenn peman sipò eksedantè kimilatif.

Peryòd tan pou yon revizyon sou dosye

Egzanp 1: Parker Bogart mande yon revizyon sou dosye nan dat 23 oktòb 2020, paske Parker kwè yon **peman tranzitwa ki te fèt an septanm 2019 te twò piti**. Parker **elijib** pou yon revizyon sou dosye paske peman an kesyon an te fèt anvan 23 oktòb 2020, ak nan dat oswa apre 1 janvyè 2019.

Egzanp 2: Cameron Bacall mande yon revizyon sou dosye nan dat 12 jen 2020, paske pa gen okenn **peman tranzitwa** pou mwa me 2020. Peman sa a poko disponib sou kat Transfè Avantaj Elektwonik (Electronic Benefits Transfer, EBT) Cameron lan (ke yo rele tou Kat Idantifikasyon Avantaj Komen). Sepandan, li dwe afiche sou kat EBT a anvan 20 jen 2020. Sa a se paske yo dwe bay peman tranzitwa yo nan 20èm jou kalandriye chak mwa. Cameron ka mande yon revizyon sou dosye si peman tranzitwa pa afiche sou kat EBT a anvan 21 jen, men Cameron gendwa resevwa yon repons pi rapid lè li kontakte travayè TA a.

Egzanp 3: Logan Lee mande yon revizyon sou dosye nan dat 27 desanm 2020, paske Logan kwè distri a te kenbe plis sipò pase sa Logan te resevwa nan TA. Yo te resevwa dènye peman sou kont pansyon pou timoun Logan lan an fevriye 2020. Logan kalifye pou yon revizyon sou dosye pou yon **peman sipò eksedantè Kimilatif** paske yo te fè yon peman pansyon pou timoun anvan 27 desanm 2020, ak nan dat 1e janvyè 2019 oswa apre.

Egzanp 4: Tracy Tyson mande yon revizyon sou dosye nan dat 31 janvyè 2020, paske Tracy kwè distri a te kenbe plis pansyon pase sa Tracy te resevwa nan TA. Yo te resevwa dènye peman sou kont pansyon pou timoun Tracy a nan mwa oktòb 2018. Tracy **pa elijib** pou yon revizyon sou dosye pou yon **peman sipò eksedantè Kimilatif** paske yo te fè yon peman pansyon pou timoun apati 1e janvyè 2019, epi anvan 31 janvyè, 2020.